दिन–गुरुवार दिनांक–15.10.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ पटना में रबी महाभियान दू हजार छबीस शुरु कयलनि। श्री चौधरी एहि मौका पर जागरूकता रथ के हरियर झंडा देखा कऽ रवाना कयलनि। एहि रथक माध्यम सँ किसान सभके रबी फसिलक खेती, बढ़ियां बिया आ आधुनिक तकनीक लेल जागरूक कयल जायत। संगहि, महाभियान मे कतेको योजनाक लाभार्थी सभक बिच डीबीटीक माध्यम सँ अनुदान आओर अनुदानित दर पर कृषि यंत्र बांटल जायत। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा सेहो छलाह।

---

ओतहि, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ मुजफ्फरपुरक महबल औद्योगिक क्षेत्र मे मेगा लेदर फुटवियर एक्सैसरीज क्लस्टर आ साझा सुविधा केंद्रक उद्घाटन कयलनि। ई केंद्र के एक सय चालीस करोड़ पचानबे लाख टाकाक लागति सँ बनाओल गेल अछि। एहि सँ तीन हजार लोक सभ के रोजगार भेटि सकैत अछि। मुख्यमंत्री औद्योगिक पार्क आ कतेको विभाग द्वारा लगाओल गेल स्टॉलक जा कऽ देखलनि आओर औद्योगिक इकाई के शेड आओर भूमि आवंटन पत्र सेहो बांटलनि।

---

आइ महिला किसान दिवस अछि। एहि मौका पर पटनाक बामेती सभागार मे राज्यस्तरीय कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल। कृषि मंत्री विजय कुमार सिन्हा प्रगतिशील महिला किसान सभ के सम्मानित कयलनि। ओतहि, कार्यक्रम मे आयल महिला किसान सभ अपन कृषि उत्पादक प्रदर्शनी लगा कऽ अपन अनुभव साझा कयलनि।

---

विधान परिषदक चारि शिक्षक आओर चारि स्नातक सीट लेल भऽ रहल चुनाव के लऽकऽ राजनीतिक सरगर्मी तेज भऽ गेल अछि। चुनावी रणनीति पर चर्चा लेल जदयू पटना मे एक बैसारक आयोजन कयलक अछि। बैसार मे पार्टीक वरिष्ठ नेता स्नातक आओर शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र सँ एनडीए उम्मीदवार के जितेबाक लेल रणनीति पर चर्चा करताह।

——————————————————————

ओतहि, दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे बहुकोणिय मोकाबिलाक आसार बनल अछि। एतय तेरह उम्मीदवार सभ अपन किस्मत अजमा रहल छथि। कांग्रेसक उम्मीदवार मदन मोहन झा तेसर बेर जितबाक लेल पसीना बहा रहल छथि। राष्ट्रीय जनता दलक कुमार राय, जनसुराज पार्टीक–सुरेश प्रसाद राय, जदयूक घनश्याम राय आओर भारतीय कम्यूनिस्ट पार्टी– मार्क्सवादीक रामदेव राय सेहो चुनावी मैदान मे छथि। दरभंगा शिक्षक निर्वाचन क्षेत्र मे – दरभंगा, मधुबनी, समस्तीपुर आओर बेगूसराय जिला अछि।

——————————————————————

प्रदेश मे बाउल खुनबाक काज काल्हि सँ शुरू होयत। खनन आओर भू–तत्व मंत्री डॉक्टर प्रमोद कुमार ई जनतब देलनि।

——————————————————————

सर्वोच्च न्यायालय जनौलक अछि जे हिंदू धर्म सँ इस्लाम या आनो–आन गैर–हिंदू धर्म में धर्मांतरण करयवला व्यक्ति सभ पिछड़ा वर्गक आरक्षणक दावा नहि कऽ सकैत छथि। पीठ जनौलनि जे धर्मांतरणक बाद पहिनेक सामाजिक पिछड़ापनक लाभ आगू नहि बढ़ाओल जा सकैत अछि।

——————————————————————

शारदीय नवरात्रक पाँचम दिन आइ देवी दुर्गाक पाँचम स्वरूप स्कंदमाताक पूरा विधि–विधानक संग पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे स्कंदमाता अपन भक्त सभक समस्त इच्छा के पूरा करैत छथि। दुर्गा पूजा के लऽकऽ मिथिला सहित पूरा प्रदेश मे भक्तिमय माहौल बनल अछि। कतेको पूजा समिति दिस सँ आकर्षक पूजा पंडाल बनाओल जा रहल अछि। कलाकार सभ पंडाल आओर प्रतिमा सभ के अंतिम रूप देबय मे जुटल छथि।

——————————————————————

निगरानी अन्वेषण ब्यूरोक टीम आइ छपरा में पदस्थापित ग्रामीण कार्य विभागक सहायक अभियंता चंद्रशेखर सिंहक पटना, छपरा, कटिहार आओर सिलीगुड़ीक चारि ठेकान पर छापा मारलक। आय–आमदनी सँ बेसी संपत्तिक मामिला मे ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

——————————————————————

प्रदेश मे स्कूली स्तर पर खेल प्रतिभाक पहिचान लेल बीस नवंबरसँ मशाल कार्यक्रम शुरू होयत। एहि के सैंतीस हजार स्कूल धरि पहुँचेबाक लक्ष्य अछि। एहि बेर कार्यक्रम मे केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड, सी.बी.एस.ई सँ जुड़ल स्कूल सभ के सेहो लेल गेल अछि। कार्यक्रमक उद्देश्य स्कूली बच्चाक खेल प्रतिभाक पहिचान करब आओर हुनका सभ के आगू बढ़ेबाक मौका देबाक अछि।

——————————————————————

सुपौल जिलाक सीमावर्ती क्षेत्र फतेहपुरक एक बागान सँ एस.एस.बीक टीम दू करोड़ टाका सँ बेसी मूल्यक गांजा बरामद कयलक अछि।

मधुबनी जिलाक लदनिया थाना पुलिस चिकनोटबा—खाजेडीह सड़क पर जांचक बिच चौदह किला सँ बेसी गांजाक संग एक व्यक्ति के गिरफ्तार कयलक अछि। संगहि जोगिया गाम सँ चारि पहिया वाहन आओर बाईक सहित एक सय पैंतीस लीटर देसी शराबक संग सात लोक के गिरफ्तार कयलक अछि। ओतहि, ओहि गाम सँ एस.एस.बी छियासठि ग्राम सँ बेसी ब्राउन सुगर सेहो बरामद कयलक अछि।

——————————————————————

समाप्त